



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES PWOTEJE PLIZYÈ MILYE PWOPRIYETÈ KAY NAN SISPANN VANT PRIVILÈJ FISKAL

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Jeneral Letitia James te pibliye deklarasyon annapre yo konsènan Dekrè Egzekitif Gouvènè a pou sispann vant fiskal anyèl ak privilèj Vil New York nan efò pou pwoteje pwopriyetè kay yo pandan kriz sante piblik COVID-19 la ap kontinye.

"COVID-19 te lakòz gwo deranjman nan lavi chak jou Nouyòkè yo, ki gen ladan kapasite pou gen yon twati sou tèt yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vant fiskal ak privilèj yo te retade nan mwa me an rekonesans ak difikilte sa a, epi konsideran klima ekonomik aktyèl la, li fè sans pou retade li ankò pou pwopriyetè kay yo pa fè fas ak plis ensètitud. Mezi sa a fè pati efò kontinyèl nou pou ede Nouyòkè yo simonte ijans sante piblik aktyèl la."

"Pandan enpak ekonomik COVID-19 la ap fè raj, vant privilèj fiskal yo mete yon fado finansye sou pwopriyetè kay New York yo, epi espesyalman nan kominote koulè yo", **Pwokirè Jeneral James te deklare.** "Se responsabiltè gouvènman an pou soulaje difikilte finansye popilasyon an nan mezi sa posib, men pa agrave yo. Mwen fyè ke biwo mwen an te travay avèk Gouvènè Cuomo ak ekip li a pou pran mezi imedyat pou pwoteje pwopriyetè kay ki travay di yo pandan moman estrès sa a".

Pandan Nouyòkè yo toujou ap fè fas ak gwo difikilte finansye akòz pandemi an, ki gen ladan kay sa yo ki nan vant pou privilèj fiskal pral sèlman agrave kriz ekonomik la ak lakòz pwopriyetè kay yo — prensipalman nan kominote koulè yo — pèdi kay yo nan moman sa a.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)